दिन–गुरूवार दिनांक–30.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ सभ जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक लोकनि संग राज्य मे प्रशासनिक व्यवस्थाक स्थिति के लऽकऽ उच्चस्तरीय समीक्षा बैसार कयलनि। पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित बैसार मे मुख्यमंत्री सभ कलेक्टर, एसपीक संग सीधा संवाद कयलनि। कार्यशालाक रूप मे आयोजित एहि महत्वपूर्ण बैसार मे मुख्यमंत्री अधिकारी लोकनि सँ प्रशासनिक निगरानी बढ़ेबाक आ जवाबदेहीक संग काज करबाक लेल कहलनि। अपराध नियंत्रण, पुलिसिंग सुधार आ जिलावार प्रदर्शनक गहन समीक्षा सेहो कयल गेल। सभ प्रमंडलीय आयुक्त, क्षेत्रीय पुलिस महानिरीक्षक आ पुलिस उपमहानिरीक्षक वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ कार्यशाला मे सम्मिलित भेलाह।

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय झा कहलनि अछि जे राज्य मे कानूनक शासन स्थापित अछि। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे अपराधक विरूद्ध सरकारक जीरो टॉलरेंसक नीति जारी अछि। भागलपुरक सुल्तानगंज आ सीवान मे किछु अपराधीक विरूद्ध पुलिस कार्रवाईक प्रशंसा करैत ओ कहलनि जे अपराधी के आब अपराध छोड़बाक होयत।

---

विधान परिषदक एक सीट लेल भऽ रहल उपचुनाव लेल भाजपाक सूर्य कुमार शर्मा उर्फ अरविन्द शर्मा आइ अपन नामांकन दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव आ विजय कुमार चौधरी भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी तथा जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा समेत एनडीएक कतेको नेता उपस्थित छलाह। नामांकनक अंतिम दिन आइ विपक्षी दल दिस सँ कोनो नाम घोषित नहि कयल जयबाक कारणे अरविन्द शर्माक निर्विरोध निर्वाचन तय मानल जा रहल अछि। ई सीट पूर्व मंत्री मंगल पांडेय के विधायक निर्वाचित हेबाक कारण रिक्त भेल छल।

---

कोसी आ गंडक परियोजनाक प्रभावी संचालन के लऽकऽ भारत आ नेपालक संयुक्त समितिक एगारहम बैसार आइ सँ काठमांडू मे शुरू भेल। ई बैसार काल्हियो चलत। संगहि, दुनू देश सँ भऽकऽ बहयवाली नदी मे बाढ़ि पूर्वानुमान के लऽकऽ दू मई के संयुक्त बैसार होयत। एहि बैसार मे जलसंसाधन विभागक प्रधान सचिव संतोष कुमार मल्ल समेत आनो अधिकारी सम्मिलित भऽ रहल छथि।

———————————————————————————

काल बैसाखीक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे तेज हवाक संग मुसलाधार बरखाक कारण तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। काल्हि आयल अन्हर–बरखाक कारण कतेको ठाम गाछ आ बिजलीक खाह्म उखड़ि गेल। पटना, मधुबनी, सुपौल, अररिया, किशनगंज, सीतामढ़ी आ कटिहार समेत कतेको जिला मे घंटो बिजली आपूर्ति बाधित रहल। रेल आ हवाई यातायात सेहो प्रभावित भेल। कतेको ठाम ओलावृष्टिक कारण फसिल के सेहो नोकसान पहुंचल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार पूर्णियांक कस्बा मे सभ सँ बेसी सत्तासी दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइओ पटना, गया, मुजफ्फरपुर, दरभंगा, भागलपुर, पूर्णियां, बेगूसराय, अररिया, किशनगंज आ कटिहार समेत पच्चीस जिला मे बरखा आ ओलावृष्टि हेबाक आशंका अछि। विभागक अनुसार प्रदेश मे चारि मई धरि बरखाक परिस्थिति बनल रहत।

———————————————————————————

राज्य मे अंचलाधिकारी आ राजस्व सेवा सँ जुड़ल अधिकारी लोकनिक पचपन दिन सँ चलि रहल हड़ताल आइ समाप्त भऽ गेल। बिहार संयुक्त राजस्व सेवा महासंघ राज्य सरकार सँ भेल वार्ताक बाद हड़ताल समाप्त करबाक घोषणा कयलक। संघ एक विज्ञप्ति मे चारि मई सँ योगदान देबाक बात कहलक अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक जिलाधिकारी आनंद शर्मा के आइ एग्रीस्टैक परियोजनाक अंतर्गत द्वितीय चरण मे किसान लोकनिक निबंधन मे उत्कृष्ट प्रदर्शन लेल सम्मानित कयल गेलनि। पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे प्रदेशक मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आ पुलिस महानिदेशक विनय कुमार द्वारा संयुक्त रूप सँ हुनका सम्मानित कयल गेलनि।

———————————————————————————

कांची कामकोटि पीठक पीठाधीश्वर शंकराचार्य श्री विजेन्द्र सरस्वती सहरसाक महिषी मे एक सभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे बौद्धिक आ सांस्कृतिक विकास के बढ़ावा देबाक लेल विद्या, वेद आ वैद्य के क्षेत्र मे काज कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

मधुबनी जिलाक रहिका थाना क्षेत्रक सौराठ मे उत्पाद पुलिस बल द्वारा आइ एक कैस वैन सँ पांच सय चालीस लीटर शराब बरामद कयल गेल।

सुपौल व्यवहार न्यायालय मे विधिक सेवा प्राधिकारक सौजन्य सँ जागरूकता रथ के विदा कयल गेल।

———————————————————————————————

. समाप्त